**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTIRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAĞÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

**"TASTÍYÍQLAYMAN"**
Qaraqalpaq mámleketlik
universiteti rektorı
A.Reymov

_______________________

2024-jıl "__" _______________

# DÓRETIWSHILIK (KÁSIPLIK) IMTIXAN BAĞDARLAMASÍ HÁM BAHALAW TÁRTIBI (kriteriyası)

## 60320100 – JURNALISTIKA (XÍZMET TÚRLERI BOYÍNSHA) BAKALAVRIAT TÁLIM BAĞDARÍ USHÍN

**Nókis – 2024**

**Dúziwshiler:**

**J.Marziyaev** – QMU jurnalistika kafedrası baslıǵı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent

**Z.Orazımbetova** – QMU jurnalistika kafedrası professorı w.a., filologiya ilimleriniń doktorı

**H.Atajanov** – QMU jurnalistika kafedrası docenti, filologiya ilimleriniń kandidatı

**M.Kudaybergenov** – QMU jurnalistika kafedrası docenti w.a., filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD).

**Pikir bildiriwshiler:**

**B.Nurahullaev** – Qaraqalpaqstan Xabar agentligi direktori, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD).

**A.Bekmuratov** – Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması baslıǵı

**T.Masharipova** – QMU jurnalistika kafedrası professorı w.a., filologiya ilimleriniń doktorı

## Kirisiw

60320100 – Jurnalistika (xızmet túrleri boyınsha) tálim baǵdarında dóretiwshilik imtixan ótkeriwden maqset abiturientlerdiń jurnalistika tarawmda talap etiletuǵın dóretiwshilik qábiletin, erkin pikirlew sheberligi, dálil hám juwmaqlar shıǵarıw sıyaqlı bilimlerin, sonday-aq dúnya qarası hám pikirlew sheńberin anıqlawdan ibarat. Dóretiwshilik imtixan procesinde abiturientlerdiń tómendegishe bilim hám qábiletlerine itibar qaratıladı:

- Dóretiwshilik qábıleti;
- Jámiyetlik mashqalalardı qay dárejede ańlay alıwı;
- ǴXQda sáwlelenip atırǵan áhmiyetli máseleler hám mashqalalardan xabardarlıǵı;
- Dúnyaqaraslardıń keńligi, qızıǵıwshılıq sheńberi;
- Jurnalistika tarawın qanday dárejede biliwi;
- Jurnalistika kásibin ne sebepten tańlawı;
- Jurnalistlik kasipke beyimliligi;
- Jámiyette bolıp atırǵan waqıya-hádiyselerge kózqarası hám pikirley alıw erkinligi;
- Jazba hám awızeki sawatlılıq dárejesi;
- Óz pikirin, múnásibetin erkin, anıq, mazmunlı hám izbe-izlikte jetkerip bere aliw sheberligi;
- Jazba hám awızeki pikirlesiwge meyilligi.

### Dóretiwshilik imtixannıń dúzilisi

**Dóretiwshilik imtixan 2 basqıshta ótkeriledi.**

**Birinshi basqısh** abiturientlerdiń dóretiwshilik qábileti hám dúnya qarasların bahalaw boyınsha awızeki sáwbetlesiw bolıp, ol tómendegi tártipte ókeriledi:

– abiturienttiń ǵalaba xabar qurallarında, Internet saytlarında járiyalanǵan, jurnalistlik (publicistikalıq) materialları komissiya aǵzaları tárepinen úyreniledi. Materiyallarda sáwlelengen temalardıń tariyxı yaki áhmiyetliligi baǵdarında abiturient penen sáwbetlesiw ótkeriledi. Sáwbetlesiw dawamında jurnalistlik materialdıń jazılıwına sebep bolǵan waqıya hádiyse analiz etiledi hám abiturienttiń dúnyaqarası, qızıǵıwshılıǵı, qaysı basılım, radio yaki telekanal menen dóretiwshilik boyınsha birge islesiw alıp barǵanlıǵı menen anıqlanadı;

– jámiyet hám onıń túrli qatlamlarında júz berip atırǵan ózgerislerden xabardarlıq dárejesin amqlaw ushın sorawlar beriledi;

– Ózbekstan hám jáhánde júz berip atırǵan sońgı jańalıqlar, jurtımızda ámelge asırılıp atırǵan reformalar boyınsha sorawlar beriw arqalı, abiturienttiń siyasiy, ekonomikalıq, jámiyetlik, mánawiy hám basqa tarawlardaǵı ózgerislerden

xabardarlıq dárejesi anıqlanadı;

– ádebiy, kórkem publicistikalıq hám jurnalistlik dóretiwshilik úlgiler, bul bağdardağı belgili insanlar, jazıwshılar, dóretiwshiler xızmeti, sońğı dáwirlerde jaratılğan jańa ádebiyatlar haqqında sorawlar beriw arqalı, talabannıń kórkem ádebiyat, publicistika hám jurnalistika bağdarlarındağı bilimleri bahalanadı;

– sáwbetlesiw dawamında jurnalistikağa tiyisli sorawlar beriledi hám sol arqalı abiturienttiń bul tarawdan xabardarlıq dárejesi belgilenedi. Sonday-aq, abiturienttiń sáwbetlesiw uqıbı, keleshektegi rejeleri, oratorlıq qábileti, pikirdi obrazlı etip jetkerip beriw sıyaqlı pazıyletleri anıqlanadı.

**Awızeki sáwbetlesiw dawamında sáwbetlesiw ushın usınıs etiletuğın sorawlar úlgisi:**

1. Siz ne ushın usı jurnalistika kásibin tańladıńız? Bul tańlaw kimniń tásirinde boldı?
2. Sizdi jurnalistikada neler qızıqtıradı? Qay waqıttan baslap jurnalistikağa qızığasız?
3. GXQ menen birgelikte jumıs alıp barğansız ba? Qashannan baslap kim menen qansha waqıt aralığında jurnalistlik dóretiwshilkte birge jumıs alıp barğansız?
4. GXQ da dóretiwshilik jumıslarıńızdın neshewin járiyalay alıwğa eristińiz? Bul materiyallarıńızdıń mazmunı ne haqqında edi? Materiallarıńızdı qalay tayarlağansız, tayarlanıw barısın aytıp beriń.
5. Qanday basılımlardı bilesiz, televizor kóresiz be, qaysı radiokanallar siz ushın qızıqlı?
6. Ózbekstannıń keyingi jıllardağı rawajlanıw basqıshlarında jurnalistikanıń ornın qalay bahalaysız?
7. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev tárepinen járiyalanğan "Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası"n ámelge asırıwda jurnalistlerdiń rólin qalay bahalaysız?
8. Sıyasat penen jurnalistikanıń óz-ara baylanıshlığın qalay bahalaysız?
9. Xalıq penen baylanıslar ornatıwda sizinshe jurnalistikanıń ornı qanday bolıwı kerek?
10. Ayrım waqıtları jurnalistikağa tórtinshi hákimiyat degen tariyp beriledi, siz bul táriypti qalay túsinesiz?
11. Jurnalist portretine táriyp berseńiz?
12. Radio degenimiz ne? Siz radionı qalay túsinesiz?
13. Sizge qaysı GXQ kóbirek unaydı: Televidenie, radio, gazeta yaki Internet? Bunıń sebebin túsindirip beriń?
14. Telejurnalistlerden kimlerdi tanıysız?
15. Radiojurnalistlerden kimlerdi tanıysız?
16. Baspasóz jurnalistlerinen kimlerdi bilesiz?
17. Xabar agentlikleri boyınsha ne bilesiz?
18. Reportaj degenimiz ne? Reportaj janrın táriyiplep beriń.

19. Intervyu degenimiz ne? Intervyuda kimniń pikirleri úyreniledi?

20. Maǵlıwmatlardı, faktlerdi toplaw procesinde jurnalist xızmetin shegaralaw múmkinbe? Siz buǵan ne deysiz?

21. Eger Siz júda qızıq fakt tapqan bolsańız, biraq usı fakt kimlerdińdur namısına tiyetuǵın bolsa qanday jol tutasız?

22. Jurnalistikada Sizdi neler kóbirek qızıqtıradı: teleekranǵa shıǵıp ózińdi kórsetiwme, kewlińizdegi gáplerdi jazıwma, xalqtıń dártin úyreniwme yaki jaqsı aylıq alıwma?

23. "Jurnalisttiń nanı juqa – miyneti awır" degen túsinik bar, buǵan siziń múnásibetińiz qanday?

24. Siziń názerińizde, teleradio tarawında jumıs alıp baratuǵın jurnalisttiń kún tártibi qanday rejelestirilgen bolıwı kerek?

25. Siziń pikirińizshe, jurnalist qanday jeke qásiyetlerge iye bolıwı kerek?

26. Jurnalistikaǵa oqıwǵa kiriw arqalı siz óz kelesheginizdi qalayınsha kóz aldińizǵa keltire alasiz?

27. TV arqalı beriletuǵın reportajdıń radio arqalı uzatılatuǵın reportajdan ózgesheligi nede?

28. Mamleketimizge belgili iskerlerdiń birinen intervyu alıw imkániyatı tuwılsa, siz qanday sorawlardı bergen bolar edińiz (5 soraw tayarlań)?

29. Jurnalistikada waqıt ólshemi degen túsinik barma? Siziń pikirińiz?

30. Texnikalıq jaqtan qurallanǵan jurnalistke keminde óziń menen 3 nárse alıwıń kerek dese, siz nelerdi alǵan bolar edińiz? Ne ushın?

31. GXQ degenimiz ne?

32. Televideniede janli efir degende neni túsinesiz?

33. Televideniede janli efir arqalı shıǵıwdıń áhimiyeti nede?

34. Jurnalistika kásip pe, talant pa yaki dóretiwshilik xizmet pe? Juwabınızdı anıq túsindirip beriń.

35. Ózbekstanda jurnalistlerden, xabarshılardan kimlerdi bilesiz? Olardiń dóretiwshiliginde shıǵıp sóylewlerinde neler itibarıńızdı tarttı?

36. Jurnalist tayarlaǵan materialı arqalı keń jámiyetshiliktiń itibarın tartıw ushın nelerge dıqqatlı bolıwı kerek dep oylaysız?

37. Jazıwshı hám jurnalisttiń ózgesheliklerin túsindirip beriń?

38. Jurnalist bolsańız qaysı temalarda jazıwdı yaki kórsetiw, esittiriw tayarlawdı qáler edińiz? Ne ushın?

39. Siz bilgen jurnalistler, xabarshılar dóretiwshiliginde, shıǵıp sóylewlerinde, neler sizge unamaydı hám ne ushın?

40. Jurnalistikada qadaǵan etiletuǵın ámeller barma?

41. Jurnalistikanıń búgingi jámiyette tutqan ornı nede dep oylaysız?

42. "Jurnalistti eki ayaǵı baǵadı" degen sózdiń mánisin túsindirip beriń?

43. Ózińizdi 5 yaki 10 jıldan keyin kim sıpatında kóresiz?

44. Qaysı jergilikli GXQ turaqlı túrde baqlap barasız? Qaysı tárepleri menen siziń itibarıńızdi tartadi? Qanday ózgerisler kirgiziwdi usınıs etken bolar edińiz?

45. Sizdi qandayda bir GXQna jumıs islewge mirát etti, qaysı túrdegi hám qanday bagdardagı tarawda islewdi qáleysiz?
46. Keleshekte jurnalist sıpatında jumıs alıp bara basladıńız, biraz waqıt islegenińizden soń siz jumıs alıp barıp atırgan redakciya aylıq bere almaytugın jagdayga túsip qaldı. Siz qanday jol tutasız?
47. Jurnalistikadan basqa jáne qaysı taraw siz ushın qızıqh?
48. "Kim?", "Ne?", "Qay jerde?", "Qashan?", "Ne ushın?" hám "Qanday qılıp?" sorawlarına juwaplardı jámlestirgen informaciya oylap tabıń?
49. Siz ushın qaysısı ahmiyetli – teoriya yaki ámeliyat?
50. Qanday etip "Telejuldız" bolıw múmkin? Belgili telejurnalist bolıw ushın qanday qábiletlerge iye bolıw kerek dep oylaysız?
51. Intervyu alıw ushın 10 universal soraw dúziń?
52. Milliy informaciyalıq bagdarlamalar qalıs ádalatlı jumıs alıp barıp atır dep oylaysızba?
53. Mámleketlik hám mámleketlik emes bagdarlamalardıń bir birinen parqı qanday?
54. Bolajaq jurnalist óziniń jeke kúndelik dápterin dúziwi kerek dep oylaysızba?
55. Siziń pikirińizshe qay jerde islew qızıqlı: gazetada, radioda, televideniede?
56. Sayt degende ne túsinesiz?
57. Blogerlik xızmetine táriyp beriń.
58. Internettegi GXQ nıń roline baha beriń.
59. GXQ saytları haqqında aytıp beriń.
60. Globallasıw dáwirinde Internettiń tutqan ornı haqqında aytıp beriń.
61. Jurnalistikanıń janrları haqqındagı túsinigińiz?
62. Sizińshe qaysi telekanal qiziqlı dep oylaysız?
63. Qaraqalpaqstan telekanalında xizmet kórsetiwshi jurnalistlerden kimlerdi bilesiz?
64. Mámleketlik hám mámleketlik emes telekanallar haqqında nelerdi bilesiz?
65. Qaraqalpaqstanda belgili jurnalistlerden kimlerdi bilesiz? Olardıń maqalaların oqıdıńızba?!

**Ekinshi basqısh dóretiwshilik jumısı jazba formasında tómendegi tártipte ámelge asırıladı:**

- dóretiwshilik jazba jumısınıń temaları házirgi kùn ushın áhmiyetli jámiyetlik-sıyasıy, ádebiy-tariyxıy, mádeniy-mánawiy, ádep-ikramlılıq, Watandı súyiwshilik hám basqada áhmiyetli máselelerge bagıshlanganlıgı hám jurnalistlik ózgesheligine bagdarlangan hám abiturienttiń dóretiwshilik imkaniyatların ashıp beriwge qaratılgan bolıwı názerde tutıladı hám pán boyınsha imtixan komissiyası agzaları tárepinen dùziledi. Temalar joqarı oqıw orınları qabıllaw komissiyasınıń baslıgı tárepinen tastıyıqlanadı hám mórlengen arnawlı konvertte sheshiwshi esabat hùjjetleri sıpatında saqlanadı;

- qabıllaw komissiyasının baslıǵı yamasa onıń tapsırması menen baslıq orınbasarı dóretiwshilik jazba jumısı baslanıwınan **20 minut aldın** pán boyınsha imtixan komissiyasınıń baslıǵına dòretiwshilik temaları salıngan konvertlerdi tapsıradı hám pán boyınsha komissiya aǵzaları imtixan tapsırıwshı toparlarǵa bóledi;

- dóretiwshilik jazba jumısı òtkeriliwi ushın **3 astronomiyalıq** saat waqıt belgilenedi;

- dóretiwshilik jazba jumısı betleri mòrlengen **12 betli dápterge** jazıladı, qaralama ushın hám betleri mórlengen qagazlar beriledi. Dòretiwshilik jazba jumısı jazılgan dápter hám qagazlarda jazba jumıs avtorların bildiriwshi, shártli belgilerdiń qoyılıwına jol qoyılmaydı;

- dóretiwshilik jazba jumısınıń kólemi **5 betten 10 betke** shekem dep belgilengen;

- dóretiwshilik jazba jumısı ushın belgilengen waqıt juwmaqlangan soń, jazba jumıs qaralamaları menen birge jıynap alınadı hám juwaplı xatkerge yamasa onıń járdemshisine tapsırıladı;

- juwaplı xatkerge yamasa onıń járdemshisine jazba jumısların shifrlab, pán boyınsha imtixan komissiyasınıń baslıgına tekseriw ushın tapsıradı;

- jazba jumıslar tek gana joqarı oqıw orınları binasında hám pán boyınsha imtixan komissiyasınıń agzaları tárepinen tekseriledi;

- tekserilgen dóretiwshilik jazba jumıslarǵa qoyılǵan balları hám tekseriwshilerdiń imzaları menen qabıllaw komissiyasınıń juwaplı xatkeri yamasa onıń járdemshisine tapsırıladı;

- juwaplı xatker yamasa onıń járdemshisi shıǵarma jumıslarm deshifirovka etip, imtixan vedomostlarına abiturientlerdiń familiyaları hám alǵan balların kirgizedi;

- dóretiwshilik jazba jumıslarǵa tómendegi bagdarlardan kelip shıgıp temalar belgilenedi:

jámiyetlik-siyasıy, mánawiy-magirifiy, Watandı súyiwshilik, milliy maqtamsh hám salamat turmıs tárizi;

- dóretiwshilik imtixan nátiyjeleri eki kùnnen soń járiyalanadı.

## Dóretiwshilik imtixandı bahalaw basqıshları hám tártibi

Dóretiwshilik imtixan birden-bir kóp ballı bahalaw sisteması boyınsha bahalanadı.

Dóretiwshilik imtixanda toplaw mùmkin bolgan maksimal ball muǵdarı – **93 ball.**

Dóretiwshilik imtixannıń birinshi basqıshı, yagnıy awızeki sáwbet processindegi soraw-juwaptı bahalaw ushın dòretiwshilik imtixanǵa ajıratılǵan maksimal balldıń **33,3 payızı, yaǵnıy 31 ball** belgilenedi.

Dóretiwshilik imtixannıń ekinshi basqıshı, yaǵnıy dòretiwshilik jazba jumısların bahalaw ushın imtixanǵa ajıratılǵan maksimal balldan **66,6 payızı, yaǵnıy 62 ball** belgilenedi.

**Awızeki sáwbetti bahalaw tártibi**

Awızeki sáwbetke **0 – 31 ballğa** shekem qoyıw múmkin.

| № | **Ball qoyıw ólshemleri** | **Ballar** |
|---|---|---|
| 1 | Jurnalistika haqqındağı túsinikleri júzeki, tolıq bilimi joq, abiturenttiń pikirlewi sayız, ǴXQda járiyalanğan materialları joq, lekin jurnalist bolıwğa umtılıwshańlığı kúshli. | 0–6 ball |
| 2 | Jurnalistika haqqındağı túsinikleri bar, kásipke qızığıwı bir-eki aylıq emes, ayırım jurnalistlerdi tanıydı, ǴXQda járiyalanğan 1-3 kishi kólemli materialı bar. | 7–13 ball |
| 3 | Jurnalistikağa 1-2 jıldan berli qızığadı, kásip haqqında kózqarası jaqsı, ǴXQ lardıń turaqlı túrde baqlap baradı, 5-7 járiyalanğan materialları bar, 8-10 jurnalistti tanıydı, olardıń dóretiwshiligine sholıw bere aladı. | 14–19 ball |
| 4 | Jurnalistikağa kóp jıldan berli qızığadı, jurnalistikanıń jámiyettegi ornın tereń túsinedi, ǴXQ xızmetin jaqsı biledi, kóp jurnalistlerdi tanıydı hám olardıń dóretiwshiligine tolıq baha bere aladı, 10-20 járiyalanğan materialı bar. | 20–25 ball |
| 5 | Jurnalistikağa balalıq waqıtlarınan qızığadı hám 5-6 klasstan baslap ǴXQ da dóretiwshilik etip atırğan, redakciyağa kóp barğan hám jurnalistlerdi tanıydı hám olardıń dóretiwshiligine usınıs bere aladı, járiyalanğan materialları 20 dan kóp. | 26–31 ball |

**Dóretiwshilik jazba jumısın bahalaw tártibi:** (ballar muğdarı – **0–62 ball)**

| № | **Ball qoyıw ólshemleri** | **Ball** |
|---|---|---|
| 1 | 10 nan artıq imla, irkilis belgileri menen baylanıslı bolğan hám stilistikalıq qátelerge jol qoyılğan | 0 ball |
| 2 | Jumıs teması boyınsha jazılmağan | 0 ball |
| 3 | Tema sayız ashıp berilgen, abiturienttiń pikirlewi ústirtin, jurnalistikam túsiniwi tereń emes, jazba jumıs logikalıq jaqtan túsiniksiz, imla, irkilis belgileri hám stillik qátelerdiń ulıwma sanı 10 ga shekem | 1–8 ball |
| 4 | Tema biraz ashılğan, abiturienttiń pikirlewi ortashadan tómen, jurnalistikam jaqsı túsinbeydi, imla, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stillik qátelerdiń ulıwma sanı 8-9 | 9–16 ball |
| 5 | Tema ortasha ashılğan, abiturienttiń pikirlew dárejesi keń emes, pikirlewi biraz sayız, jurnalistikanıń rólin ortasha túsinedi, imla, irkilis belgileri menen baylamslı hám stillik qátelerdiń ulıwma sanı 6-7 | 17–25 ball |
| 6 | Tema ortadan joqarıraq ashılğan, abiturienttiń pikirlewi tar, lekin jurnalistikanıń jámiyettegi ornın túsinedi, imla, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stillik qátelerdiń ulıwma sanı 4-5 | 26–33 ball |

| | | |
|---|---|---|
| 7 | Tema salıstırmalı jaqsı ashılgan, abiturienttiń pikirlewi jaman emes, jurnalistikanıń roline jaqsı baha bere aladı, imla, irkilis belgileri menen baylamslı hám stillik qátelerdiń ulıwma sam 2-3 | 34–42 ball |
| 8 | Tema jaqsı ashılǵan, abiturienttiń pikirlewi keń, jurnalistikanıń rólin jaqsı túsinedi hám oǵan baha bere aladı, imla, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stillik qátesi 1 | 43–52 ball |
| 9 | Tema tereń ashıp berilgen, abiturienttiń pikirlewi tereń hám keń, jurnalistikanıń róline jaqsı baha bere aladı, imla, irkilis belgileri menen baylanıslı hám stillik qáteler joq | 53–62 ball |

Dòretiwshilik imtixan basqıshlarında toplanǵan ballar ulıwmalastırılıp, qoyılǵan ball sıpatında vedomstqa kirgiziledi. Vedomst belgilengen tártipte rásmiylestirilip, juwaplı xatker yamasa onıń járdemshisine kòrsetiledi.

**Dòretiwshilik imtixan nátiyjelerin apellyaciya etiw tártibi**

Dòretiwshilik imtixan basqıshları boyınsha appelyaciyaǵa arzalar tek ǵana imtixan basqıshları nátiyjeleri járiyalanǵan waqıttan baslap **24 saat dawamında** qabıl etiledi.

Mùrájat mazmunında tek ǵana òziniń dòretiwshilik jumısı hám balları boyınsha túsinbewshilik bolsa, qabıl etiledi. Lekin, basqa abiturientlerdiń jumısları haqqında jazılǵan shaǵım arzalar qabıl etilmeydi.

Dòretiwshilik jazba jumıslar jazılǵan dápter rásmiy hújjet sıpatında belgilengen mùddetke shekem saqlanadı, onnan jeke maqsette nusqa alıw, onı súwretke túsiriw hám imtixan òtkerilip atırǵan aymaqtan alıp ketiwi mùmkin emes.

Apellyaciya etiw processinde abiturientke qosımsha soraw beriwge ruxsat berilmeydi.

Dòretiwshilik imtixanda alǵan bahanı òzgertiw tek ǵana pán boyınsha komissiyanıń razılıǵı menen tek ǵana apellyaciya etiwshi abiturient qatnasıwında joqarı oqıw ornı qabıllaw komissiyasınıń qararı menen ámelge asırıladı.

Dòretiwshilik imtixannıń awızeki sáwbet nátiyjeleri apellyaciyada qayta kòrip shıǵılmaydı.

Dòretiwshilik imtixan òtkiziliwine shekemgi dáwirde apellyaciyaǵa arza beriw hám onı kòrip shıǵıw tártipleri abiturientlerdiń itibarına jetkiziledi.

## Usınıs etilgen ádebiyatlar


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022 yil 28 yanvardagi PF-60-son Farmoniga ko‘ra tasdiqlangan "2022-2026 yillarga mo̍ljallangan yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi" // https://lex.uz/uz/docs/-5841063
2. Mirziyoev Sh.M. “Milliy tiklanishdan – milliy yuksalish sari”. 4-jild. –T. O‘zbekiston. 2020.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.Mirziyoyevning 2022-yil 27-iyun matbuot va OAV xodimlari kuni munosabati bilan jurnalistlarga yo‘llangan tabrigi https://president.uz/uz/lists/view/5294
4. Атажанов Ҳ.А., Марзияев Ж.К., Қиличов Н.Р. Баспасөз типологиясы. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. – Toshkent. Navoiy universiteti. 2018. 80 bet.
5. Audiovizual jurnalistika. VI jild. – Toshkent. O‘zbekiston, 2019.
6. Gaymakova B., Senkevich M., Makarova S. Masterstvo efirnogo vistupleniya. – M.: “Aspekt-press”, 1996.
7. Do‘stmuhammad X. Jurnalist bo‘lmoqchimisiz? – Toshkent. “O‘zbekiston”. NMIU, 2020.
8. Do‘stqoraev B. O‘zbekiston jurnalistikasi tarixi. – Toshkent. G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi. 2009.
9. Ernazarov Q.T. va boshq. Reportyorlik faoliyatining nazariyasi va amaliyoti. O‘quv qo‘llanma. – T.: O‘zMU, 2002.
10. Fake News: Mediada dezinformatsiya. / N.Muratova, N.Toshpo‘latova, G.Alimova. – T.: "Innovatsion rivojlanish nashriyot matbaa uyi", 2020 y.
11. Fotojurnalistika [Matn]: O‘quv qo‘llanma / N.Qosimova [va boshq.] – T: «TURON-IQBOL», 2018.
12. Jabborov Sh. O‘zbekistonda kim yaxshi yashaydi. – Toshkent. O‘zbekiston, 2012.
13. Jumanova S. Jurnalistika (abiturientlar uchun ijodiy imtihon qo‘llanmasi) Ikkinchi nashr. – T.: O‘zJOKU MChJ, 2023.
14. Jurnalistika. 10 jildlik to̍plam. –Toshkent. O‘zbekiston. NMIU. 2019.
15. Kosimova N. Onlayn jurnalistika. Darslik. –T., Savdo sanoat palatasi nashriyoti. 2019.
16. King L. Kak razgovrivat s kem ugodno, kogda ugodno. – M.: Alpina Pablisher, 2011.
17. Qudratxo‘jaev Sh.T. Internet va axborot: xizmatlar foydalanish asoslari. – Toshkent. Istiqlol. 2013.
18. Meliboev A. Qirq beshinchi bekat. – Toshkent. Alisher Navoiy nomidagi O‘zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, 2008.
19. Muratova N. Onlayn jurnalistika: nazariya va amaliyot // - T. Qaqnus media. 2019.

20. Rahmatullayeva I. Televideniye va radioda boshlovchi mahorati. – T. "Mumtoz so'z", 2022.

21. Safarov A. Ziddiyatli vaziyatlarda jurnalist faoliyati xavfsizligi. O'quv qo'llanma. – T.: "Universitet", 2023.

22. To'xlieva N. Tahrir mahorati. – Toshkent: Bayoz, 2022

23. Toshev F. Jurnalistning noni qattiq. – Toshkent, 2009.

24. Toshpo'latova N. Jurnalistika. Bosma ommaviy axborot vositalarida janrlar va mahorat masalalari – T., "O'zbekiston". 2019.

25. Media huquqi [Matn]: darslik / Nazira Qurbon, Karim Bahriyev. – T.; "Grand Inter Media". 2022.

26. Saidov X., To'xlieva N. Reportyorlik mahorati: O'quv qo'llanma. – T.: G'afur G'ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2008.